

**PANGAJARAN NGANALISIS SISTEMATIKA SARENG BASA KARYA  
ILMIAH NGAGUNAKEUN MÉTODA EXAMPLE NON EXAMPLE DI  
KELAS XI SMA NEGERI 12 BANDUNG TAUN PALAJARAN 2017/2018**

*Ku*

**Larissa Kartika Purwaningtyas  
NIM 145030054**

**RINGKESAN**

*Analisis mangrupa panalungtikan pikeun matotoskeun hiji pasualan dina hiji pangajaran jeung digunakeun pikeun alat pengembang kreatifitas budak dina mikir jeung ngolah nalar boh lisan boh tulisan. Metodeu example non example mangrupa metodeu pangajaran pikeun leuwih pekana siswa dina hiji pasualan nu aya ngaliwatan analisis conto-contona mangrupa gambar nu eusina hiji pasualan. Ngeunaan dadaran di luhur panulis kairut ku ngayakeunna panalungtikan ngeunaan "Pangajaran Nganalisis Sistematika jeung Kabahasaan Karya Ilmiah Ngagunakeun Metodeu Example Non Example ka Siswa Kelas XI SMA Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2017/2018". Rumusan masalah nu panulis ajukeun nyaeta, 1) kamampuh panulis ngarencanakeun, ngalaksanakeun, mere peunteun dina pangajaran nganalisis sistematika, sarta kabahasaan karya ilmiah dina ngagunakeun metodeu example non example?; 2) kamampuh peserta didik dina nganalisis sistematika jeung kabahasaan karya ilmiah anu bener?; 3) efektif henteuna metodeu example non example dilarapkeun dina pangajaran nganalisis sistematika jeung kabahasaan karya ilmiah?; 4) Beda henteu na hasil diajar peserta didik dina ngagunakeun metodeu example non example di kelas eksperimen dibandingkeun di kelas kontrol ku metode latihan?; 5) Mana nu leuwih efektif dina pangajaran nganalisis sistematika jeung kabahasaan karya ilmiah antara metodeu example non example jeung metodeu latihan ku peserta didik di kelas XI SMA Negeri 12 Bandung?. Metodeu panalungtikan anu panulis gunakeun nyaeta metodeu eksperimen semu, tehnik panalungtikan studi pustaka, uji coba, observasi, jeung tes. Anapon hasil panalungtikanna nyaeta hasil penilaian sikep di kelas eksperimen miboga peunteun anu leuwih unggul dina rata rata 3,5, sedengkeun di kelas kontrol miboga rata rata 3,2. Metodeu anu digunakeun di kelas eksperimen leuwih efektif tibatan metodeu anu digunakeun di kelas kontrol. Hal ieu dibuktikeun dina hasil rata2 postes peserta didik di kelas eksperimen teh  $76.24$  dina hasil uji statistik  $t_{hitung} > t_{tabel}$  nyaeta  $21.99 > 19.056$ . Beda hal na jeung kelas kontrol meunang peunteun rata2 postes teh  $70.88$  dina hasil uji statistik  $t_{hitung} < t_{tabel}$  nyaeta  $12.86 > 19.056$ .*

**Kecap Konci:** *Pangajaran, nganalisis, sistematika, basa, karya ilmiah, metoda example non example.*